

# Mizajou sou Ranfòsman Sekirite Piblik ak Polis Kominotè

27 Septanm 2024

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

Yon pilye nan plan estratejik inivèsite a se "envesti nan moun ak nan kominote yo." Inivèsite a te rann piblik fokus li sou objektif sa a an 2022, lè [Prezidan Pines te anonse plan pou mete sou pye yon seri rekòmandasyon](#) pou ranfòse sekirite piblik ak polis kominotè a, rekòmandasyon Gwoup Travay sou Sekirite Piblik ak Polis Kominotè a te pwopoze.

Rekòmandasyon gwoup travay la kontinye gide nou nan chimen inisyativ ak pwogram ki fasilite patenarya ant responsab sekirite piblik yo ak kominote inivèsite a.

Kòm koprezidan Konsèy Konsiltatif Sekirite Kanpis la, ki li menm kreye nan kad efò sa a, nou kontan pataje pwogrè nou reyalize nan kanpis la depi [dènye mizajou nou an otòn pase](#). Nan 21 rekòmandasyon gwoup travay la, gen 16 kounye a ki fini oswa ki gen yon angajman soutni, epi 5 ap pwogrese.

Pwen enpòtan depi dènye mizajou nou yo gen ladan:

- Inisyativ Polis kominotè a UMD a ki itilize yon apwòch plis global pou reponn ak bezwen kominote a. Pami egzanp yo nou ka bay estraji [sekirite](#)

[evènman yo](#) ki yo menm pwopoze altènativ pou itilize ajan polis yo nan evènman yo, nouvo [Pwosesis Rezolisyon Altènativ pou Jistis ki Ka Restore \(Restorative Justice Alternative Resolution Process\)](#), ak pwogram LightsOn! Yon pwogram ki bay bon (koupon) olye kontravansyon.

- Inisyativ **Ekip Evalyasyon ak Entèvansyon Ijans pou Sante Mantal (Mental Health Emergency Assessment and Response Team, MHEART)** Sant Konsèy Inivèsite a, an patenarya ak Sekirite Piblik (Department of Public Safety, DPS). Yon klinisyen nan sante mantal pou reponn ak ijans sou sante mantal ak premye entèvenan yo. Pou ka pi byen soutni etidyan ak manm nan kominote an ki an kriz, yo te amelyore pwosedi jesyon transpò pou ijans sou sante mantal yo. Pwogram MHEART UMD a se youn nan premye pwogram mobil k ap entèvni nan moman kriz nan kontèks inivèsite Etazini.
- **Nouvo kou Relye Pwennvi Yo (Bridging Perspectives) ki ak kredi: Konvèsasyon Kritik Ant Etidyan ak Polis**, Dr. Rashawn Ray ofri pou prentan 2024 la nan Fakilte Syans Konpòtmantal ak Syans Sosyal (Behavioral and Social Sciences, BSOS) ak Kapitèn August Kenner nan DPS. Epiou, DPS òganize Akademi Polis Sitwayen, yon pwogram douz (12) semèn (pa gen kredi pou li) pou manm kominote inivèsite ak lokal la. Li òganize l de fwa ane pase, epi yo prevwa yon lòt edisyon pou prentan 2025 lan.

Pou plis enfòmasyon, tanpri, vizite [tablodbò anliy](#) nou an. Li bay estati

rekòmandasyon chak gwoup travay yo.

Akonplisman nou yo pandan ane ki sot pase a te posib gras ak gwo sipò epi ak kolaborasyon Prezidan Pines, DPS, Divizyon Afè Etidyan, CSAC, ak lòt moun ki enplike nan kanpis la. Nou atann ak pwogrè konstan pi devan.

Sensèman,

Carlo Colella

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Carlo Colella' in a cursive style.

Vis Prezidan ak Direktè Administratif

Li (Pwonon Maskilen)

Georgina Dodge

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Georgina Dodge' in a cursive style.

Vis Prezidan pou Divèsite ak Enklizyon, PhD

Li (Pwonon Feminen)